**दिन—सोमवार** **दिनांक—04.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

पश्चिम बंगाल, केरलम, तमिलनाडु, असम आ केन्द्रशासित प्रदेश पुद्दुचेरी मे भेल विधानसभा चुनावक मतगणना जारी अछि। ताजा रूझानक अनुसार पश्चिम बंगाल आ असम मे भाजपाक सरकार बनैत देखल जा रहल अछि। पश्चिम बंगाल मे भारतीय जनता पार्टी पैंतीस सीट पर जीत चुकल अछि आ एक सय सत्तरि सीट पर आगां चलि रहल अछि। जखनकि तृणमूल कांग्रेस चौदह सीट जीत चुकल अछि आ अठसठि सीट पर आगां अछि। असम मे भाजपा सत्ताईस सीट पर जीत भेटल अछि आ पचपन सीट पर पार्टी आगां अछि। जखनकि कांग्रेस दू सीट जीत चुकल अछि आ सत्रह पर बढ़त बनौने अछि। एम्हर, तमिलनाडु मे अभिनेता विजय के नेतृत्ववला पार्टी टीवीके, डीएमके आ एआईएडीएम गठबंधन के पाछू छोड़ि देलक अछि। ताजा परिणाम मे टीवीके के एक सय नओ सीट पर बढ़त प्राप्त अछि। केरलम मे कांग्रेसक नेतृत्व मे यूनाईडेड डेमोक्रेटिक फ्रंट के जबर्दस्त जीत भेटल अछि। ओतहि केन्द्रशासित प्रदेश पुदुचेरी मे एनडीए आगां अछि।

---

भाजपा के पश्चिम बंगाल, असम आ पुदुचेरी मे भेटल जीत पर प्रदेश मे पार्टी कार्यकर्त्ता लोकनि खुशी मना रहल छथि। कार्यकर्ता लोकनि रंग—अबीर लगा कऽ आ मधुर खुआ कऽ एक दोसर के बधाई देलनि। पार्टी प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे पश्चिम बंगाल मे कार्यकर्ता लोकनिक बलिदानक कारण आइ पार्टी के अभूतपूर्व जीत भेटल अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे एतेक पैघ जनादेश ई जनबैत अछि जे पश्चिम बंगालक जनता तृणमूल कांग्रेसक शासन सँ त्रस्त छल। भाजपाक वरिष्ठ नेता सैयद शाहनाबज हुसैन पश्चिम बंगालक जीत पर कहलनि जे आब ओतऽ तुष्टिकरणक राजनीति समाप्त भऽ गेल अछि आ विकासक नव युग के शुरूआत होयत।

---

बिहार विधान परिषदक विधानसभा कोटा के एक सीटक लेल होबऽबला उपचुनावक लेल भाजपाक सूर्य कुमार शर्मा उर्फ अरविंद शर्मा निर्विरोध निर्वाचित भेलाह अछि। विदित अछि जे एहि सीटक लेल मात्र अरविंद शर्मा अपन नामांकन कयने छलाह। पूर्व मंत्री मंगल पांडेय के सीवान सँ विधायक चुनल गेला के बाद ई सीट रिक्त भेल छल।

———————————————————————

राज्य सरकार कहलक अछि जे भागलपुरक विक्रमशिला सेतु के क्षतिग्रस्त हिस्सा के तीन मासक भीतर ठीक कऽ लेल जायत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरि एहि मामिला के लऽकऽ पटना मे एक उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक कयलनि। ओ अधिकारी लोकनि के मामिलाक जांच कऽ दोषी लोकनिक विरूद्ध कार्रवाई करबाक निर्देश देलनि। एहि मध्य बिहार राज्य पुल निर्माण निगम लिमिटेड के अध्यक्ष डॉक्टर चंद्रशेखर सिंह कहलनि अछि जे पुल के मरम्मति के लऽकऽ जरूरत पड़ला पर सेना के सेहो मददि लेल जायत। श्री सिंह आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे कहलनि जे एहि के लऽकऽ संबंधित ऐजेंसी सभक संग वार्ता कयल गेल अछि। निगम के अध्यक्ष जनौलनि जे घटना के जांचक लेल आईआईटी पटना के टीम ओहि ठाम पहुंचि चुकल अछि। श्री सिंह जनौलनि जे एहि मामिला मे संबंधित कार्यपालक अभियंता के निलंबित कऽ देल गेल अछि। विदित अछि जे काल्हि राति भागलपुर आ नवगछिया के जोड़ऽबला विक्रमशिला सेतु के चारि आ पांच नंबर पीलर के मध्य के स्लैब क्षतिग्रस्त भऽकऽ खसि पड़ल छल।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोभ के प्रभाव सँ राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसीतर क्षेत्र मे तेज हवाक संग मुसलाधार वर्षा भऽ रहल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे गोपालगंज, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण, सीवान, औरंगाबाद, कैमूर आ रोहतास जिला मे कतेको स्थान पर तेज हवा के संग हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। अंधर के कारण कतेको ठाम गाछ आ बिजली के खंभा उखड़ि गेल अछि। एहि कारण आवागमन आ विद्युत आपूर्ति व्यवस्था प्रभावित भेल अछि। खेत मे लागल फसिल के संग–संग आम आ लीची के फसिल के भारी नोकसान भेल अछि। एम्हर, मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्य मे बेसी ठाम वर्षा भऽ सकैत अछि। ओतहि, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, कटिहार, किशनगंज, पूर्णियां, सुपौल आ पश्चिम चंपारण जिला मे किछु स्थान पर धुक्कड़ के संग भारी वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। संगहि, राज्यक दक्षिण–पश्चिम, दक्षिण–पूर्व आ उत्तर–मध्य भाग मे सेहो कतेको ठाम भारी वर्षा हेबाक पूर्वानुमान अछि।

———————————————————————————————

रोहतास जिलाक दिनारा थाना क्षेत्र बेलबैया मठिया गामक लऽग आइ भोरे सड़क हादसा मे पांच गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। जखन कि सात आन गोटा घायल भऽ गेलाह। घायल सभक सदर अस्पताल मे इलाज चलि रहल अछि। जाहि मे एक गोटे हालत गंभीर जनाओल जा रहल अछि। एम्हर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के निर्देश पर सभ मृतक लोकनिक आश्रित परिजन लोकनि के चारि–चारि लाख टाकाक अनुग्रह अनुदान राशि उपलब्ध करा देल गेल अछि।

———————————————————————————————

जदयू नेता निशांत कुमार आइ बगहा मे पार्टी कार्यकर्ता लोकनिक संग संवाद कयलनि। श्री कुमार कार्यकर्ता लोकनि सँ पार्टी के मजगूत बनेबाक अपील कयलनि। संवाद कार्यक्रम के पार्टीक वरिष्ठ नेता आ वाल्मिकीनगर सांसद सुनील कुमार आ पार्टी विधायक दलक नेता श्रवण कुमार सेहो संबोधित कयलनि।

———————————————————————————————

वियतनाम के राष्ट्रपति तोलाम काल्हि बोधगया औताह। हमर संवाददाता जनौलनि जे ओ महाबोधि मंदिर आ वियतनाम मंदिर मे पूजा–अर्चना करताह।

———————————————————————————————

समाप्त